# Кока Кола Фонды Қарақалпақстандағы COVID-19 кеселлигине шатылған наўқасларды емлеў ушын 165 кислород концентраторларын сатып алыўға қаржылай жәрдем берди

2020-жыл 21-ноябрь күни БМШ Раўажланыў Бағдарламасы Кола-кола фонды қаржысы есабынан сатып алынған 165 дана кислород концентраторларын Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты Сақлаў Министрлигине республикадағы COVID-19 кеселлигине шатылған наўқасларға медициналық жәрдем көрсетиўи ушын саўға етти. Бул ҳаққында министрлик мәлимлеме хызмети хабар берди.


Image not found or type unknown

Кислород концентраторлары республикамыздың барлық 16 районлық емлеўханаларына ҳәм Нөкис қалалық емлеўханасына тарқатылады.

ҚР Денсаўлықты сақлаў министрлиги